# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

भारत निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनाव दुइ हजार चउबीस बदे तारीखन क घोसणा कइ दिहले हवे। नई दिल्ली में आजु आयोजित संवाददाता सम्मेलन में मुख्य निर्वाचन आयुक्त राजीव कुमार अउर निर्वाचन आयुक्त–ज्ञानेश कुमार आ एस.एस सन्धु लोकसभा निर्वाचन कार्यक्रम क पुरहर जनकारी दिहलें। मुख्य निर्वाचन आयुक्त बतवलें कि अठारहवीं लोकसभा क चुनाव सात फेरा में होई। पहिला फेरा में ओन्नइस अपरैल के, दुसरका फेरा में छब्बीस अपरैल के, तिसरका फेरा में सात मई के, चउथा फेरा में तेरह मई के, पचवां फेरा में बीस मई के, छठवां फेरा में पचीस मई के अउर सतवां फेरा में एक जून के ओट परी।

उत्तर प्रदेश में लोकसभा के अस्सी सीटिनि पर चुनाव प्रक्रिया सज्जो सात फेरा में सम्पन्न होई। सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत संसदीय क्षेत्र में पहिला फेरा में ओन्नईस अपरैल के ओट परी।

दुसरका फेरा में छब्बीस अपरैल के अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा संसदीय सीटिनि पर ओट डारल जाई। तिसरा फेरा में सम्भल, हाथरस, आगरा, फतेहपुर सिकरी, फिरोजाबाद, मैनपुरी, एटा, बदांयू, आंवला अउर बरेली लोकसभा क्षेत्रन में सात मई के ओट परी। चउथा फेरा में शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कानपुर, कन्नौज, अकबरपुर अउर बहराइच में तेरह मई के ओट डारल जाई। पचंवा फेरा में मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बांदा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बाराबंकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा संसदीय सीटिनि पर बीस मई के ओट परी। सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, इलाहाबाद, अम्बेडकरनगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, मछलीशहर अउर भदोही लोकसभा क्षेत्रन में पचीस मई के छठवां फेरा क ओट परी। सतवां फेरा में एक जून के महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चन्दौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज संसदीय क्षेत्रन में ओट परी।

प्रदेस में विधानसभा के खाली सीटिनि पर उप चुनाव क अधिसूचनों जारी कै दिहल गइल हवे। ददरौल में तेरह मई, लखनऊ पूर्व में बीस मई के, गैसड़ी में पचीस मई अउर दुद्धी में एक जून के उप चुनाव खातिर ओट परी।

मुख्य निर्वाचन आयुक्त बतवलें कि पूरा देस में करीब सत्तानबे करोड़ मतदाता लगभग साढ़े दस लाख मतदान केन्द्रन पर अपने मताधिकार क प्रयोग करिहें। एक करोड़ बेयासी लाख ओटर पहिली बेरि ओट डरिहें। चुनाव में करीब पचपन लाख ईवीएम क इस्तेमाल कइल जाई। चुनाव प्रक्रिया के सकुसल पूरा करावे बदे करीब डेढ़ करोड़ करमचारी, अधिकारी अउर सुरक्षाकरमी तैनात कइल जइहें। उहां के बतवलीं कि येह बेरि चुनाव में पचासी बरिस से जियादे उमिरि के मतदाता अउर चालीस फीसदी से जियादे दिव्यांगता वाले मतदाता लोगिन के घरहीं से ओट डारे क सुविधो दीहल जाई।

**********

उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग चारि गो भरती इंतिहान के स्थगित कइ दिहले हउवे। एहमें बाइस मार्च के होखे वाली स्टॉफ नर्स यूनानी आयुर्वेदिक कै प्रारम्भिक परीक्षा अउर सात अपरैल के होखे वाली नगर नियोजक परीक्षा के स्थगित कै दिहल गइल हउवे। एकरे सथहीं आयोग अपर निजी सचिव दुइ हजार तेइस के शॉर्ट हैण्ड टाइपिंग क इतिहान अउर स्टॉफ नर्स एलोपैथी क मुख्य परीक्षा दुइ हजार तेइसो के स्थगित कइले क फैसिला लिहले हउवे। येह इंतिहानन क अगिला तारीख बादे में घोसित कइल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मुरादाबाद में पांच सौ तेरह करोड़ रूपिया अउर रामपुर जिला में छौ सौ दस करोड़ रूपिया के विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। मुरादाबाद में उहां के उत्तर प्रदेश राज्य विश्वविद्यालय क नेइयो धइलीं। उहां के बतवलीं कि येह विश्वविद्यालय क नामकरण गुरू जम्भेश्वर जी के नांव पर कइल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मिर्जापुर जिला में बने वाले मां विंध्यवासिनी राज्य विश्वविद्यालय क सिलान्यास वर्चुअल माध्यम से कइलें। येह मौका पर मिर्जापुर में केन्द्रीय मंत्री अनुप्रिया पटेल अउर प्रदेस सरकार क मंत्री रजनी तिवारी मौजूद रहलिनि। ई विश्वविद्यालय मड़िहान क्षेत्र के देवरीकला में बनी।

**********

भारतीय प्रसासनिक सेवा क पूर्व अधिकारी नवनीत सहगल के प्रसार भारती क नया चेयरमैन नियुक्त कइल गइल हउवे। केन्द्रीय सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय की ओरि से जारी अपने आदेस में कहल गइल हवे कि चेयरमैन के रूप में नवनीत सहगल क कार्यकाल तीनि बरिस खातिर होई। नवनीत सहगल आजु प्रसार भारती के चेयरमैन क पदभार ग्रहण कइ लिहलें।

**********